Pék baca ieu wacana!

Imah Awi Jatnika



"Kahirupan masarakat Indonesia, babakuna urang Sunda, teu bias jauh tina budaya awi, ti mimiti kaperluan keur bahan piimaheun nepi kadaharan.Aya 105 spésiés éndemik asli awi nu kapanggih di Indonesia,95 di antarana aya di Jawa Barat. Ngan hanjakal, can réa masarakat nu bener-bener sadar kana pentingna awi, buktina méh 1.000 héktar tangkal awi di Bogor dituar dina dangka lima taun katompérnakeun."

Kitu numutkeun Jatnika Nanggamiharja. Jatnika téh kawéntar minangka ahlina dina nyieun imah awi mah. Ti taun 1985 nepi ka ayeuna Jatnika geus ngawangun 3.000 leuwih imah awi. Aya 41 modél nu geus dimekarkeunana, kabéhanana nyoko kana ciri wangunan tradisional Jawa Barat. Hak ciptana geus meunang patén dina taun 2006. Taun 2009, Jatnika narima panglélér ti Ikatan Arsiték Indonésia minangka nu pangréana nyieun imah awi tradisional.Ti taun 1995 nepi ka ayeuna Jatnika kapeto jadi Ketua Yayasan Bambu Indonésia.

Jatnika lahir di Cikidang, Sukabumi, 2 Oktober 1956. Sohor lain ukur di sakuliah Nusantara. Imah awi buatanana geus jadi komoditas ékspor. Di antarana Malaysia, Brunéi, jeung Arab Saudi nu jadi tujuan éksporna téh. Lian ti imah, Jatnika ogé ngawangun pasantrén, masjid jeung tajug tina awi deuih. Nu jadi impianana, imah awi téh jadi ikonna Jawa Barat cenah.

Ti keur SD kénéh, Jatnika mah geus biasa nganyam awi keur jualeun. Sabada tamat kuliah di Akademi Pimpinan Perusahaan Jakarta taun 1981, Jatnika mimiti naratas bisnis imah awi. Usahana tuluy nambahan mekar sabada ékspor munggaran ka Taiwan dina taun 1985.

Nu matak pikayungyuneun, sawaréh ladang usahana téh dimangpaatkeun deuih keur program penghijauan. Jatnika melak awi di sisi walungan Ciliwung, Cisadané, jeung Ciluwer. Malah di lemburna mah, Jatnika melak 10 héktar leuwih awi di sisi walungan Cimandé. Awi-awi nu dipelakna téh lain baé keur nyegah érosi, tapi leuwihna ti éta dipiharep bisa méré karaharjaan keur masarakat sabudeureunana.

(Diropéatina majalah Cupumanik April 2011)

LIVEWORKSHEETS

B. Ngalisankeun Jawaban

Pék jawab ku hidep pertanyaan ieu di handap!

1. Saha tokoh nu dicaritakeun téh?

2. Naha éta jalma disebut tokoh?

3. Di Jawa Barat loba kebon awi, geus dimangapaatkeun encan,sarta naon buktina?

4. Masarakat Jawa Barat teu bisa jauh tina budaya awi, naha?

5. Naon tujuanana tokoh Jatnika melak awi di lemburna téh?

6. Kumaha karakter (watek) tokoh Jatnika téh?

7. Sebutkeun barang naon baé anu bisa dijieun tina awi!

8. Sebutkeun jenis-jenis alat kasenian nu dijieun tina awi!

LIVEWORKSHEETS